# bul mer

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-: Benn waaye dafa wax Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: dénk ma, mu ne ko: "bul mer" mu baamtu ko ay yoon mu ne ko: "bul mer".

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Kenn ci Sahaaba yi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- dafa sàkku ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ngir mu tegtal ko lu koy jariñ, mu digal ko ne ko bu mu mer, te loolu mooy nay moytu lépp lu koy tax a mer, tey téye boppam saa su meree, bañ a topp meram ci di ray mbaa di dóor walla di saaga mbaa lu ko niru. Waa ji baamtu càkkuteefam ay yoon, Yónente bi yokkul la mu ko denkoon te mooy "bul mer".



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee